Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 17 (25746)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 1 феврал — æртхъирæны мæйы 1 бон, æртыццæг Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АХУЫРАД
Студентты поликлиникæ

3 УДВАРН
Уазнывгæнæн скъола

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Армхæстæй — тыхджындæр

Хатдзæгтæ æмæ нысантæ

Владимир Путины Ныстуан

Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путин йæ Ныстуан Федералон æмбырдмæ арвитдзæн 20-21 февралы. Уый фæдыл фехъусын кодта информацион агентад. Нæ бæстæйы Сæргълæууæг уыцы бонты кæй раныхас кæндзæн, уыцы хъуыды бæлвырд у.

("ТАСС")

Хъæууон хæдзарад

Фондз хатты фылдæр

Цæгат Ирыстоны Хъæууон хæдзарад æмæ хойраджы министрад куыд фехъусын кодта, афтæмæй фарон республикæйы хæдзарæдтæ æрæмбырд кодтой, æмткæй райсгæйæ, 38 мин тоннæйы рапс, ома, æндæразимæ абаргæйæ, фондз хатты фылдæр.

Уæрæсейы Хъæууон хæдзарад æмæ хойраджы министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, фарон Цæгат Кавказы регионтæ бафснайдтой 467,4 мин тоннæйы амынд культур, ома, æндæразимæ абаргæйæ, уый дæр у 5 хатты фылдæр. Уымæй уæлдай, рапс кæй ахсы, уыцы хуымты фæзуат 3 хатты фæуæрæхдæр.

Уалдзыгæнд культурæты фæзуат нымайгæйæ, ацы аз Цæгат Кавказы регионты хуымты иумæйаг фæзуат уыдзæн фароны фæзуаты хуызæн. Регионтæ сæхи къæпхæнгай цæттæ кæнынц быдырон куыстытæм. Æмбæлгæ бæрцæй тауинæгтæ, артаг æмæ минералон хъацæнтæ æлхæнгæйæ, зæхкусджытæ æвæрæнтæ дарддæр кæнынц.

Олег АПРЕЛЕВ

Кусæг фембæлд

Туристон фæзуæттæ

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН кусæг фембæлд уыд нæ республикæйы Туризмы комитеты сæрдар ДЗÆРÆХОХТЫ Ацæмæзимæ. Ныхас бацахста туристон фæзуæтты præстимæ баст мастер-пълан. Æрæджы уый тыххæй уыд стратегион сесси, "Хуры рон"-ы фæзуæттæ фæбæрæг кодтой.

Дзæрæхохты Ацæмæз куыд радзырдта, афтæмæй сессийы KAVKAZ.РФ куыстуæттæ "НКД", "Терра Тех", "Асгард"-имæ проекты фыццаградон къæпхæнтæ сбæрæг кодтой. Регионы, йæ хæххон хайы туристон индустрийы præзты хатдзæгтæ præгъмæ рахастой. Стыр куыст бакодтой космосæй исгæ къамтимæ, бастдзинады оператортимæ.

Ведомствæйы разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй хъуамæ аразын райдайой лæггæдты бынæттæ, сæ аивдзинадыл бакусдзысты, фæзындзысты фæлгæсæн туристон фæзуæттæ, фистæгæй цæуыны маршрутæ. Цæмæй Дæргъæвс æмæ Фæснæлы хуызæн туристон бынæттæ præзой, уый тыххæй хицæн мастер-пълантæ сарæзтой. Бахастой сæм архитектурон-горæттæаразæн концепцитæ.

Республикæйы Сæргълæууæджы ныхасмæ гæсгæ, хъуамæ куыст фæрæвдздæр уа, мартъимæ та кæронбæттæн хуыз сцæттæ уа. "Гæххæтт нын бар ратдзæн præзты фæзуæттæ, проектты параметртæ, фæрæзты хъомыс сбæрæг кæнынæн, уый руаджы амалхъомтимæ кусдзыстæм. Нæ бон пълантæ кæнын уыдзæн, бюджетон инвестицитæй спайда кæныны фадат дæр равзардзыстæм", — загъта Сергей Меняйло.

Уый ма Дзæрæхохыфырты 'ргом аздæхта туризмы нырыккон инвестицион технологитæй спайда кæнынмæ. Sæгъæм, навигаторы фæрцы туристтæн сæ бон уыдзæн республикæмæ ссæуыны æргътæ, транспорты уавæртæ базонын. Ведомствæйы разамонæг радзырдта, бирæфадатджын фæрæзыл куыст кæй цæуы, уый тыххæй. Пайда дзы кæндзысты, куыд информацион навигаторæй, хъæугæ информацийæ æххæст уыдзæн.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Æнæниздзинад

Студентты поликлиникæ

Ацы аз мартъийы Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты байгом кæндзысты студентты поликлиникæ. Медицинон кусæндонæн балхæдтой æппæтæй нырыккондæр ифтонгæрзтæ.

Ацы хабар фехъусын кодтой ахуыргæнæндоны фæсивæдон активимæ Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** фембæлды præстæг.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: фарон сентябры институты разамонæг **Игорь Алексеев** куыд фехъусын кодта, афтæмæй поликлиникæйæн йæ бон уыдзæн 5 мин студенты æмæ ахуыргæнæджы æнæниздзинад сбæлвырд кæнын.

— Поликлиникæмæ бахатæг алы адæймагæн дæр уыдзæн дохтыры лæвар уынаффæмæ байхъусын æмæ профилактикон иртасынад ацæуыны фадат, — загъта Игорь Алексеев.

САУТÆТЫ Тамилæ

Эпидемиологон уавæр

"Роспотребнадзор"-ы радзырдтой Цæгат Ирыстоны эпидемиологон уавæры тыххæй. Коронавирусæй фæрынчын уæвыны цауты нымæц кæд бæрзонд æмвæзадмæ не схызт, уæддæр эпидемиологон уавæр ивгъуыд къуыри уыдис иугæндзон. "Роспотребнадзор"-ы регионалон управленийы разамонæг Тыбылты Аланы ныхæстæм гæсгæ, грипп æмæ ОРВИ-йæ рынчыны нымæц фæкъаддæр.

— Нырма грипп æмæ ОРВИ-йы эпидемиологон къæпхæн бæрзонд нæу, фæлæ æппæт амынддзинæдтæ дæр коронавирусы инфекци æмæ ОРВИ-йы профилактикæ æххæст кæнынæн сæ тыхы сты. Ковиды ныхмæ вакцинаци къуыримæ ацыдысты 788 адæймаджы. Стационарты та сæхи дзæбæх кæнынц 31 адæймаджы.

ХУАСДЗАУТЫ Алинæ

Хицауады æмбырдæй

Социалон æмæ экономикон фарстаты райрæзт

Цæгат Ирыстоны Хицауады хæдзары ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй арæзт æрцыд æмбырд. Фембæлды ныхас кодтой хъæууонхæдзарадон, экономикон, социалон, ахуырадон проекттыл.

Æмбырды фарстаты зынгæ хай бацахстой хъæууонхæдзарадон фарстатæ, проекттæ æмæ ног ивддзинæдтæ хаст æрцæудзысты хъæугæ закъæттæм. Ивгъуыд аз æмæ фидæны куыстыты тыххæй радзырдта РЦИ-Аланийы хъæууон хæдзарад æмæ хойраджы министр **Къусраты Алан:**

— Мах æххæст кæнæм программæ "Хъæуты иумæйаг райрæзт". Фарон программæ "Хъæуты нырыккон хуыз" æмæ "Хъæуты цалцæг"-мæ гæсгæ сцæттæ кодтам дæс проекты, семæ авд проекты "Хæдзæртты арæзтад"-ы программæйы фæлгæты. Проектты финансты хардз у иу миллиардæй чысыл фылдæр. Самадтам авд хæдзары Кировы районы Елхоты хъæуы Хъæууонхæдзарадон кооператив "Де-Густо"-имæ. Бацалцæг кодтам æртæ скъолайы, Бруты хъæуы амад цæуы ног скъола æмæ райдыдтам, уыдон, æхсæз та — ногтæ: хъæу Веселойы доны хæтæлты ивынад, стыр донуадзæны амад Куырттаты комы хæххон хайæ Дзуарыхъæумæ, Суадагмæ æмæ Уæлладжырмæ, проект арæзт цæудзæн дыууæ азы дæргъы.

Хъæууон хæдзарад æмæ хойраджы министрады ног проекттæ баст сты амалхъомтæн субсидион æххуысимæ, иуæй-иу барадон фæткъæм хаст æрцæудзысты ивддзинæдтæ. Уымæй уæлдай, фембæлды æрныхас кодтой финансон фарстатыл, семæ кредиттæ республикæйы бюджетæн. Уымæй уæлдай, æрныхас кодтой Медицинон фæдзæхстады территориалон фонды кусджыты мызд исыны хъуыддагыл. Социалон къабазы та сидзæртæн лæвæрд цæудзысты сертификаттæ фæйнæ милуан 718 мин сомы фатер райсынæн. Ацы аз ахæм сертификаттæ райсдзысты 25 адæймаджы. Ахуырады къабазы фæзындзæн зынгæ ивддзинæдтæ — 2024 азмæ алы скъолайы дæр байгом кæндзысты спортивон клубтæ.

ГОБОЗТЫ Агуындæ

Арæн

Уæзæгтæ ласæг машинæты уавæр

Уæрæсе æмæ Гуырдзыстоны арæныл рады лæууынц 300 уæзæгтæ ласæн машинæйы. Уый тыххæй Хицауады аппаратон æмбырды фехъусын кодта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг Томайты Ирбег.

— Арвыкомы фæндаг æмæ Транскам æппæт транспорты хуыстæн дæр сты гом. Ивгъуыд къуыри Уæллаг Ларсы арæныл дыууæрдæм дæр ахызтысты транспорты 17,5 мин иуæджы æмæ 40 мин адæймаджы, — загъта Томайы-фырт.

Нæ уацхæссæг

Газетфыссынад

"Рæстдзинад" — 2023 азы фыццаг æмбисæн

Дарддæр цæуы 2023 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау, ныр дæр "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафыссдзысты сæ уарзон газет.

Ног азы фыццаг æмбисы фондз мæйæн "Рæстдзинад" рафыссæн ис 915 сомы æмæ 70 капеккæй. Адæмы льготон къордтæн та — 735 сомы æмæ 55 капеккæй.

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ præзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.

Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!

Редакци

Дзырды фарн

Хъæлдзæгдзинад æмæ æнкъарддзинад фæндонæй не сты. Царды уаг сæ дæтты.

МАМСЫРАТЫ Дæбе

Боныхъæд **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **1 февралы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **1-6 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **2-4 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,56

Хурыскаст — 07,16
Хурныгуылд — 17,12

Валютæйы аргъ

Доллар — 69,25
Евро — 75,47

12+

Проект

Бæлццæттæласæн транспорты рæзт

Мæскуыйаг сæрмагонд корпораци "Строй Инвест Проект" æмæ Бетъырбухы транспортон хызæджы институт Цæгат Ирыстоны Транспорты æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитетмæ балæвæрдтой цæрджытæн транспортон лæггæдтæ кæныны схемæты комплекты проект æмæ транспортон пълан кæныны гæххæттытæ.

Дзæуджыхъæуы рæзт цыбыр, рæстæмбис æмæ дæргъвæтин рæстæджы куыд цæудзæн, уыцы наукон-иртасæн куыст æххæст кодтой азæй фылдæр. Бæстон сбæрæг кодтой, Гæххæттытыл бакусæг специалисттæ рабæрæг кодтой транспорты æппæты риссагдæр фæзилæнтæ, бæлццæтты нымæц нымайгæйæ, транспорты бæрц зынгæ ныллæг у. Ног порты министрадмæ, сæ бæрæггæнæнимæ райсдзысты федералон æхца дæр. Хъуамæ республикон фæрæзтæм федералон æхца дæр бафтауой.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы æхсæнадон транспорты схемæйыл æмæ гæххæттытыл куыст райдыдта 2021 азы кæрон. Нысантæ бафæдзæхста РЦИ-Аланийы Сæргълæуæг **Сергей Меняйло**. Специалисттæ хъуамæ федералон закъонæвæрынады æмæ Уæрæсейы Транспорты министрады домæнтæй иуварс ма ахызтаиккой, афтæмæй сарæзтаиккой бæлццæттæласæн хуыздæр проект.

ныртæккæ цы маршруттæ кусынц, уыдоны хыз, бæлццæттæ Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы фæндæгтыл цас рæстæг хардз кæнынц, транспортон-рахизæн скондтæ, уынгты-фæндæгты хызæн аргъ скодтой, иумæйагæй кæмæй пайда кæнынц, уыцы транспорты æрлæууæн бынæттæм бацæуыны рæстæг æмæ æндæр фæзилæнтæ.

хызы фæрцы хъуамæ Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы маршрутон фадæттæ ахадгæдæр фæуой, цæуыны график хъуамæ фидар уа, цæуыны авналæнтæ цыбыр кæмæн сты, уыцы адæмы нымайгæйæ.

Транспорты æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты сæрдар **Солиты Тариэл** куыд зæгъы, афтæмæй ацы проект арвитдзысты Уæрæсейы Транспорты министрады домæнтæй иуварс ма ахызтаиккой бæлццæттæласæн хуыздæр проект.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ

Æмбырд

Министртæ дзуапп лæвæрдтой

Министрты кабинет сæ ахсджиаг хæстæ куыд æххæст кæнынц, уый раиртасыны тыххæй РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис скодта аппаратон æмбырд.

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Икъаты Русланбег** куыд радзырдта, афтæмæй 33 рæвдауæндоны бындуронæй сцалцæг кæныны тыххæй сарæзтой хæрдзты гæххæттытæ. Дыууæ азы дæргъы кæй æххæст кæндзысты, ахæм цалцæг 20 скъолайы дарддæр цæудзæн, 22 ахуырадон кусæндоны та цалцæгмæ бавналдзысты.

Арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константин** куыд бафиппайдта, афтæмæй тагъд паддзахадон экспертизæ Тæбæхсæуты Балойы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон Ирон театры рацарæзты гæххæттытæн аргъ скæндзæн. Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг театрæн дæр уыцы гæххæттытæ цæттæ кæнынц. Дзанайты Барис бафæдзæхста, цæмæй гæххæттытæ рæвдз сæмбæлой Мæскуыйы, Культурæйы министрады.

Хицауады Сæрдар ма фæсидт, Дзæуджыхъæуы 2-æм арæндоны бындурон цалцæджы куырдиат бацæттæ кæнынмæ. Ахæм хæс æвæры РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. "Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады равзардзысты бюджетон куырдиæттæ. Уыдон махæн ахсджиаг объекттæ сты — Республикон пульмонологон центр, Тарнизы ныхмæ сывæллæтты рынчындон, инфекцион бæстыхай, Мæздæджы районы рынчындоны арæндон, Дачнæйы фелсырон-акушерон пункт, онкодиспансеры рацарæзт. Фарстамæ уæ хъус æппынæдзух дарут", — загъта Хицауады Сæрдар.

Уый æмбырды архайджыты æргом аздæхта, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы сконды 100 азы сбæрæг кæныны мадзæлттæм. Уый уыдзæн 2024 азы, цы сæйраг 15 пункты дзы ис, уыдоныл куыст райдыдта. Хъæбæлоты Билары номыл Сывæллæтты сфæлдыстадон галуаны рацарæзты куыстытæ цæуынц. Алагиры музейон-паркы комплекс цалцæггонд цæуы. Хыгъдмæ ма бæхæссæн кæй ис, уыцы нысантæ сбæлвырд кæнын хъæуы.

Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ныртæккæ пълanмæ гæсгæ газ, дон, рухс ахуыссын кæнынц. "Цæрджытæ уыдæттæ æмбарынц, фæлæ арæх сæмбæлæм, æппындæр пълanмæ бар чи нæ дары, ахæм уавæртимæ. Æвзарын куы райдайæм, уæд, дам, уый пълanмæ гæсгæ у, фæлæ уыдоны тыххæй адæм ницы фæзонынц. Кæд куыстимæ баст сты, уæд уал адæмæн фехъусын кæнут. Фарстамæ уæлдай æргом аздæхут", — бафæдзæхста Хицауады Сæрдар.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Бынæттон хиуынаффæйад

Тыхстаг фарстатимæ – горæты администрацийы сæргълæууæгмæ

Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг МИЛДЗЫХТЫ Вячеславæн радон фембæлд уыд горæты цæрджыты къордимæ. Уыцы бон горæты разамонæгмæ сæ тыхстаг фарстатимæ æрбацыд дзæвгар адæм.

Куыд иннæ хæттыты, афтæ та ныр дæр адæмы куырдиæттæ баст уыдысты, куыд комкоммæ сæхи бинонты уавæримæ, афтæ горæтæгты иумæйаг цардархайды фарстатимæ дæр. Уыдонимæ — горæты уынгтæ æмæ кæртыты фæлгонцад, социалон кусæндæттæ æмæ фæндæгты цалцæг, сахъат адæмæн медицинон æмæ социалон æххуыс æмæ афтæ дарддæр.

Сæрæвæм, **Цъæхилты Маринæ** горæты разамонæгмæ бахатыд, цæмæй Дзæуджыхъæуы 46-æм рæвдауæндоны санитарон сыгъдæгдзинады бæстыхæйттæ сцалцæг кæныннæн мадзæлттæ арæзт æрцæуа. Милдзыхты Вячеслав зæрдæ бавæрдта, фарста ацы аз лыггонд кæй æрцæудзæн, уымæй.

Баймæтаты Фатимæ та цæры Цъæййаг уынджы. Уыцы уынджы автомобилон фæндаг æмæ тротуартæ тынг заууат уавæры сты. Фатимæйы ныхасмæ гæсгæ, ныр 20 азæй фылдæр сæ уынджы фæндаг æмæ тротуартæ цалцæггонд никуыуал æрцыдысты. "Милдзыхы-фырт нын нæ куырдиатмæ лæмбынæг байхъуыста æмæ зæрдæ бавæрдта, нæ уынджы цалцæг ацы азы пъланмæ кæй бахæсдзысты, уымæй", — фæстæдæр радзырдта Фатимæ.

Афтæ, æппæт куырдиæттæ æмæ фиппаинæгты фæдыл дæр хаст æрцыд бæлвырд уынаффæтæ. Уыимæ, иу цæфæй цы фарстатæ алыг кæнæн нæй, уыдонмæ та сæрмагонд цæстдард уыдзæн горæты администрацийы профилон структурон дæлхайæдты бæрнон кусджыты 'рдыгæй.

Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ

Бастдзинæдтæ

Ленинград æрхъулайæ суæгъд кæнын

Цæгат Ирыстоны ведомствæйы æдде хъахъхъæныны æмæ Уæрæсейы Национ гвардийы управленийы Сæрмагонд нысаниуæджы къорд Дзæуджыхъæуы, Дигорайы, Алагиры, Мæздæджы, Æрыдоны горæтты, Камбилеевкаймæ æмæ Джызæлы хъæуты скъолаты ахуырдзаутæн скодтой лæгдзинады уроктæ. Баст сты Ленинград фашистты æрхъулайæ æххæстæй суæгъд кæнынимæ.

куыд радзырдта, афтæмæй хъуамæ нæ паддзахады истори нæ зæрдыл дарæм, кад ын кæнæм. "Кæстæртæм нæ зонындзинæдтæ дæттæм, уый нæ алкæй хæс дæр у. Мах фæсивæды æргом уыцы цаутæм здахæм, нæ фыдæлтæй сæрыстыр уæвынмæ сæм сидæм", — загъта майор.

Мидхъуыддæгты министрады музеймæ ведомствæйы æдде хъахъхъæнджытæ æмæ Национ гвардийы уæнгтæ æрбахуыдтой гимназ "Диалог"-ы ахуырдзауты. Уым сæ музейы кусджытæ базонгæ кодтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цаутимæ баст равдыстимæ, лекцитæ сын бакастысты, хъæбатыртæн кад

Гвардийы уæнгтæ сывæллæттæн радзырдтой блокадæйы уæвæг адæмы царды тыххæй, тематикон киноныв тæ сын равдыстой, æрхъулайæ æгасæй чи раирвæзт, уыдоны мысинæгтæ сæм фæхæццæ кодтой.

Пъæлицæйы майор **Беккуызарты Антонинæ** скодтой минут æдзæмæй алæугæйæ.

Кæронбæттæны ахуырдзаутæ бакастысты æмдзæвгæтæ, акци "Æрхъулайы дзулы къæбæр"-ы архайыны тыххæй цæттæдзинад равдыстой.

Нæ уацхæссæг

Царды ахсджиаг фарстатæ

Хъæндæлы дæ куы нæ басудза...

Зымæгон даргъ æхсæв. Бæстæ уазалæй тæгæлтæ, фæрчытæ хауы. Æрсытæ æмæ рувæстæ иумæ хуысдзысты ахсæв. Ахæм æхсæв фынтæуынæн хуыдтой, кæд рагацау дæ сынтæг бацагурай, уæд. Къуымбилæй рæтыд — дæ гобан æмæ дæ хъæццул, хъазы пакъуыйæ — дæ баз. Дурын пецы сугæй арт бакæн, æвзалытæ йыл ныккал, æмæ зымæг — æдде, мах — мидæгæй... Æмæ ма æнгом бинонты зæрдæты хъарм та? Хуыссæг нæ нæ ахста, нæ нанатæ æмæ бабаты таурæгътæм нæ байхъусгæйæ, кæрæдзийæн уыцыуыцитæ нæ ракæнгæйæ.

"Уыци-уыци, сау дæн æмæ сынт нæ дæн, урс дæн æмæ цыхт нæ дæн, къуди мын ис æмæ мыст нæ дæн", — загъта-иу нана æмæ-иу мах дæр æмдзыхæй фæрæвдз стæм, булкъ, зæгъгæ. Стæй та-иу мах загътам, сæхицæй сын кæй фехъуыстам, ахæм уыци-уыци: "Уыци-уыци, нæ хæдзары къуымы хъуырхъуыргæнаг ус". Уыдон-иу ныхъхъуыды кодтой, цыма йæ нæ зыдтой, уый хуызæн, стæй-иу загътой, æнхъизæн, зæгъгæ.

Ныртæккæ, æнхъизæн цы у, уый бирæтæ зонгæ дæр нал кæнынц, фæлæ-иу уæд сæхи конд æнхъизæнæй кодтой хыссæ, æмæ-иу уыцы хæмпус дзулæй адджын гуырмустæ кодтам цыхтахуыйæнимæ.

Кæнæ-иу бæгæны куы алæууыд, йæ пъæрагонд-иу йæ быныл куы баззад, уæд-иу дзы сывæллæтты нуазын нал уагътой, сцырв, дам, ис æмæ срасыг уыдзыстут, уæ сæртæ канчыритæ кæндзысты, æнтуанæн йеддæмæ, дам, ницæмæнуал бæззы. Сыхаг-иу сыхагмæ куы бахъæр кодта кæнæ куы бахоста, уæд-иу фыццаг сывæллæттæ разгъордтой æддæмæ. Цу-ма, нанамæ бадзур æмæ мын цырв æнтуанæн авæра, зæгъгæ-иу сæ барвыстой мидæмæ. Дæлæ Хадизæты æнтуанæн цырв хъæуы, зæгъгæ-иу хъæргæнгæ базгъордтой. Мад аджы бынæй цырв куыд исы, уый уыдтой, цы уынай, уырзæй цы сгарай, дæ былалгъыл цы дарай, уый зондæй, зæрдæйæ зын ратонæн у.

— Марадз-ма, мæ хъæбул, царв ацæгъд мæ бæсты, æз мæ хъуг радуцон, цалынмæ рухс у, уæдмæ, — бадзырдта сыхæгты ус йæ лæппумæ. — æрмæст æй фæуадз-фæуадз ма кæн, кæннод фæтæргай уыдзæн. Мад йæ хъуг æрдыгъта, йæ донхъы æхсыр фæрсудзы. Лæппу йæм дзуры: "Цыдæр уæззау зилæн сси, æвæццæгæн, равзæрд". Мад ын йæ сæр сыгом кодта: "Нæма, мæ хур, нырма лыстæг къуыбар у, азилын ма йæ хъæуы, куы равзæра, уæд цагъдхъæр кæндзæн". "Куыд æрæгмæ æвзæры, тæвд дон ма йыл акæнин? Уæд та йæ амхор кæниккам æмæ йæ афтæмæй хæрикам", — дзуры лæппу. Нæ, азилæм ма йæ, бирæ йæ нал хъæуы. Цæрвисæнтæм мæ царв амбырд кæнын хъæуы, йæ царвы къах та дæу уыдзæн, мæ хъæбул. Зил, æз дын гарачъи (нæлхæ) байсæрддзынæн дзулыл, мисын дын ратдзынæн, стæй дзы гисайæн дæр авæрдзыстæм, уый

хордта, уый адджынад нæ зоны, хи къухты батухæны ад. Гарачъи (нæлхæ) æмæ мисынæй куы фæхъæстæ уа, уæд æй нæ рох кæндзæн, гæды дæр æввонгхор кæй нæу æмæ хæдзарон фосы дæр уарзын кæй хъæуы, уый дæр бамбардзæн, йæ мисынæй йын куы авæра, уæд. Бынтон хорз та уый у, æмæ зонуый, цæвæджы комыл сæ дæхæдæг куы нæ æрсæрфтытæ кæнай, уæд дæ туджы куыдæй ацæудзæн, уæхскуæзæй куы нæ рариуыгъдтытæ кæнай, дæ хиды цæхджын дын дæ цæстытæ куы нæ къаха, уæд.

Цæвæг дурыл цъула кæй кæны, хур æртæх куы сисы æмæ кæрдæг куы сдæрзæг вæййы, уæд ыл цæвæджы ком кæй фехæлы, æмæ йæ хъæстарæгыл рацæгъдын кæй фæхъæуы. Ænарæхстæй уисбын кæй уадзыс, кæрдæг къубалдзагъд кæй кæныс æмæ хосгæрстимæ баст æндæр хъуыддæгтæ...

Макуы ахауæнт не 'ккойæ нæ къада куырæйттæм хæссæн дзæкъултæ, кæд нын хæдтулгæты æнцондæр ласæн сты долапитæм не ссинæгтæ, уæддæр. Ныккал дæхи къухæй куыройы къутуйы дæ хор. Ныккæс йæ фæлгуыр, йæ фæлгæтæгмæ. Кæд дæм йе ссад æгæр лæхурд фæкаст, уæд ын йæ уагуадзæн къæбæл фæзил æмæ йын йæ кæхц фæуæлдæр кæн æмæ йе ссад фæлыстæгдæр уа.

Уырзæй цы басгарай, уый тугмæ цæуы, тугæй та — зондмæ. Фæлæ кæд æгæр фæзонджын стæм, æмæ нæ сæрмæ нал хæссæм, кæнæ нын зын у дзул къухæй асæттын, дзыкка кæрдзыны къæбæрæй нæ, фæлæ уидыгæй хæрын. Кæд æгæр фæзонджын стæм, зонд та нæ аразæг куыд у, æвæццæгæн, нæ сафæг тынгдæр у. О, цæмæн мæ фæфæнды бирæ хатт, ме 'дылы зондыл ма куы уаин, уый?..

Бæллæх уый мидæг ис, æмæ нæм къада куырой цырагъы рухсмæ дæр нал ссардзынæ, æвæццæгæн, тагъд йæ аразын дæр ничиуал базондзæн, цæмæй арæзт у æмæ йæ хæйттæ цытæ хуыйнынц, уыдон дæр ферох кæндзыстæм. Æмæ уæд цæмæн? Уыцы куыройы сæр нæ нал хъæуы? Нартхоры кæрдзын нын уæнгæл, емынæ фестад? Æмæ йæ уæд цæмæн æрымысæм. Иугæр æй мысæм, уæд та нæ хъæуы, уарзæм æй. Æмæ уæд нæхицæн знаг цæмæн стæм, цæмæн ныххæлæттаг кодтам нæ нартхорыссæн, задыссæн чысыл куырæйттæ? Нæ гуыбынæн дæр знаг стæм æмæ не 'взагæн дæр?

Æрмæст ма дзырдуæттæ къахæм: духъ, фæрчытæ, гæркъæраг, фалгæрæттæ... Сæ ныхмæ сын уырыссагау сæ нысаниуджытæ кæсæм, нæхæдæг джихтæ кæнæм, уымæн æмæ сæ никуы федтам, кæнæ нал уынæм æмæ цæстытыл нæ уайынц. Хъæндæлы, зæгъгæ, фæзæгъæм, фæлæ дзы куы нæ бахæрай æмæ дæ куы нæ басудза, уæд æй куыд бахъуыды кæндзынæ?..

АБАЙТЫ Эдуард

Ægуыстдзинад

Æппæтуæрæсеон æмвæзадмæ фæхæстæгдæр

РЦИ-Аланийы Адæмæн куысты бынæттæ дæттыны комитеты сæрдар ПЛАТЫ Альбинæ куыд зæгъы, афтæмæй фæллойгæнæг адæмы æгуыст хай у 1 процент. Æппæтуæрæсеон бæрæггæнæнтæм схæццæ цæгатирыстойнаг æгуыст адæмы бæрц, ома, кусæг тыхы 1 процент рауад.

Фарон, ноябры, фæллойхъом адæймæгтæ уыдысты 325600, кусæг адæм та — 283600. Æгуыст уæвджытæ уый размæйы азимæ(2021 азимæ) абаргæйæ, 25 проценты къаддæр рауадысты. Ведомствæ фæллойы базарадмæ æппынæдзух йæ хъус дары. "Ныртæккæ æгуыст адæмы бæрц æппæтуæрæсеон æмвæзадмæ фæхæстæгдæр, у фæллойгæнæг тыхы нымæцы 1 процент. Адæмæн куысты бынæттæ дæттыны закъонмæ ивддзинæдтæ бахастæуыд, æгуыстдзинады тыххæй пособитæ фидыны æмгъуыд фæкъаддæр, регистрацигонд æгуыст адæмы нымæц дæр ныллæгдæр кæны", — фæбæрæг кодта ведомствæйы фæллойы базарады уавæр æвзарæг хайады разамонæг **Къаболаты Ларисæ.**

Куыд рабæрæг, афтæмæй 2020 азы регистрацигонд æгуыст адæмы нымæц рауад 27000, паддзахад хорз фиддонтæ кæй фыста, уый сæ æхца райсынмæ разæнгард кодта. Регистрацигонд æгуыст адæмы бæрц æмхуызон уыд æгуыстыты иумæйаг нымæцимæ. Ныртæккæ æгуысты пособи уыйас нал у, 1,5 мин сомæй фæцæрыны æппынкъаддæры бæрцмæ хæццæ кæны. Фидынц æй æртæ мæйы дæргъы. Фæллойадон кодексы уагæвæрдтæ фехалгæйæ, куыстмæ кæй райстой (ома, фæллойадон чиныг ын нæ бакодтой, хъалонтæ, æндæр фиддонтæ чи нæ фиды, ахæмтæ), ахæм адæмы нымæц нырма бæрзонд у. Фарон уыдонæй 7 мин адæймагæн куысты бынæттæ скодтой.

ДАТИТЫ Ольгæ

Удварн

Уазнывгæнæн скъола

Дзæуджыхъæуы байгом фыццаг уазнывгæнæн скъола. Ныртæккæ ам чи ахуыр кæны, уыцы æхсæз чызджы дыууæ азы дæргъы уазнывты мидис иртасдзысты.

Бынæттон скъола каст фæуыны фæстæ чызджытæн уыдзæн дарддæр ахуырад Мæскуыйы удварнон академийы скъолайы райсыны, кæнæ та — заказмæ гæсгæ уазнывтæ кæныны бар.

Скъола байгом кодта **Айларты Олланæ**. Ахуыргæнæндон байгом кæнынæн Олланæ 11 азы дæргъы æрмæджытæ æмбырд кодта, стæй чингуытæ ælхæдта.

Йæ рæстæджы ацы сылгоймаг уазнывтæ кæныныл ахуыр кодта Троицкы Сергиевы Лаврæйы.

Олланæ рагæй бæллыд уазнывгæнæн скъола Цæгат Ирыстоны байгом кæнынмæ. Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг епархийæн ног епископы — динамонæг Герасимы — куы сæвæрдтой, уæд сылгоймаджы рагон бæллиц сæххæст.

Динамонæг Олланæйы фæндоныл сразы, канд уый нæ, фæлæ ма куыд рабæрæг, афтæмæй Герасимæн йæхи дæр фæндыд уазнывгæнæн скъола Дзæуджыхъæуы байгом кæнын.

Нæ уацхæссæг

Ахсджиаг фарста

Фæдисы хъæр

Æрæджы Цыппурсы мæйы фæндзæм бон, газет "Стыр Ныхас"-ы бакастæн йæ редакцийы фыст уацхъуыд: "Кад æви æгад?" Фыццаджыдæр, арфæйы ныхæстæ зæгъын, ацы уацхъуыды фæдыл сæ хъуыдытæ чи загъта, уыдонæн: Томайты Шамил, Таутиаты Минтæ, Гæлæбаты Мурат, Плиты Ритæ æмæ Калоты Эммæйæн. Бæрæг у, адон ирон æгъдауы уавæрмæ куыдфæндыйы цæстæй кæй нæ кæсынц, фæлæ мæт, сагъæс кæй кæнынц йæ абоны æмæ йæ фидæны уавæрыл дæр, æмæ сæ ирон адæмы хорзæх уæд! Стыр бузныг зæгъын газет "Стыр Ныхас"-ы редактор Гогаты Нателлæйæн дæр, ахæм ахсджиаг, царды хъæугæ æгъдæутты фæдыл сæ мыхуыры кæй уадзы, уый тыххæй.

Цы йæ сусæг кæнон, æрмæг кæронмæ куы бакастæн, уæд дзы зæрдæ бамæгуыр ис, ныккæрзыдта, æмæ мæхинымæр хъуыдыты аныгъуылдтæн, зæгъын, æцæг дуне кæй хонынц, уырдыгæй нæ фыдæлтæй исчи куы фæзынид, æмæ не 'хсæнад цы хынджылæггаг уавæрмæ æрцыд, уый куы фенид, уæд ныл хæкъуырццæй кæугæ нæ, фæлæ æвæрстиатæй йæ дзыхы дзаг ныббогъ кæнид, æмæ зæгъид, ай цавæр байзæддæгтæ ныууагътам нæ фæстæ, нæ цард нын бынтондæр куы сæмтъеры кодтой, сæ сæр, сæ фад рæстмæ куынæуал æмбарынц, хорз æвзæрæй, кад æгадæй цæмæй хицæн кæнынц, уый куы нал хатынц, æнæгъдаудзинад кадыл нымайын куы райдыдтой, уæд уый цавæр бæллæх у, зæгъгæ.

Ирон адæмæн сæ тъымы-тъымайы дæр никуы уыдис ахæм "æгъдау", æмæ фынгыл хистæрæн æрбадæггаг фысымтæй исчи æхца бадома. Чи йæ æрхъуыды кодта, ахæм æнæсæрфат "æгъдау", æмæ йæ æгъдау рахонæн дæр нæй, зæрдæ нæ комы ахæм ныхас зæгъын, хуыздæр ыл сфидауид, æнæгъдаудзинад æй куы хоникам, уæд. Нæ фыдæлтæ йæ кой дæр кæмæн никуы фехъуыстой, Нарты кадджыты, Царциаты диссæгты, таурæгъты æмæ æгъдæутты æрымысын кæй нæ бафæрæзтой, уыцы æнæсæрфат архайд нын нæ царды сæрæвæрæн чи кæны! Диссæгтæ æмæ тæмæссæгтæ. Ирон лæгæн уый сæрмæ хæсгæ нæу. Уый у фæдисы хъæр!!! Æндæр ном ын нæй. Ирон лæг рагæйдæр æгъдауыл мæлæг уыд. Уый æгады бæсты æвзæрста мæлæт. Ныры дуджы æцæг ирон æгъдау фæсдуар æвæрд æрцыд, æнæгъдаудзинад та рæбинаг баци. Афтæмæй æнæгъдаудзинад дидинæг калы, парахат кæны, тырысайау æй бæрзонд систой, æцæг ирон æгъдау та кæмдæр рохуаты аззад, æмæ йæ цъыфы стылдтой. Кæм сты нæ Иры куырыхон лæгтæ?! Сæхи æнæуынæг цæмæн скодтой? Æнæуи сæ тымбылкъухæй сæ риутæ куы хойынц, мах нæртон адæмы фæдонтæ стæм, зæгъгæ. Уæд сæм цавæр быхсондзинад фæзынд. Уацары къæлæттæ сыл цæй тыхджын конд æрцыдысты. Цæуылнæ йын куынæг кæнынц йæ уидаг!

Адæм адæм сты, сæ фарн, сæ зонд æгæрон у, æмæ уыдоны амындтытæ, раджы заманты æмæ ныры дуджы дæр чи не'ххæст кæны, уый адæмы ныхмæ цæуы. Адæмы зонды ныхмæ та хæхтæ дæр нæ фæлæудзысты.

Æмæ дзыллæйы фæндонимæ разы чи нæ уыд, уыл нæ дзæнæты бадинаг фыдæлтæ кодтой хъоды, æхсæнадмæ йæ хæстæг нал уагътой, нæдæр цинмæ, нæдæр зианмæ. Стæй йын йæхимæ дæр ничи цыд. Иу ныхасæй, адæмæй иппæрдгонд уыд, æмæ ма, уымæй æгаддæр цы ис. Адæймаг та худинагæй куынæуал тæрса, уæд уæлхъæдæй мард у. Хъæлæкк хорз уаид, хъодыйы æгъдау йæ раздæры гаччы фæстæмæ æвæрд куы æрцæуид, уæд.

ТУГЪАНТЫ Махарбеджы конд ныв "Адæмон тæрхон"

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ кувæг лæг хъуамæ уа фæзминаг алцæмæй дæр, фыццаджыдæр, йæ удысондæй æмæ зондахастæй, стæй йæ алы фæзылд æмæ уæнгæй дæр хъуамæ цæуа æгъдау. Æмæ уæд уый Хуыцау, зæдты, дауджыты æмæ адæмы раз уыдзæн æназым. Ахæм кувæг лæгæн йæ ракуывдтытæ не Сфæлдисæгæн уыдзысты барст, цы мысайнаг дзы вæййы, уый та — ист. **Адæмæй фынгыл хистæрæн æрбадæггаг æхца чи домы, уый фысымты стигъгæ кæны. Æмæ уый æназым лæг рахонæн нæй. Уымæн ис йæхи ном — тæригъæдджын.** Æмæ ахæм лæджы ракуывдтытæ Хуыцау, зæдтæ æмæ дауджытæ сæхимæ нæ исынц, æмæ уæд æххуырст лæджы ракуывдтытæ цы ахъаз хъуамæ кæной, æртæ кæрдзыны кæй номыл конд вæййынц, уымæн?! Цавæр амонды хос ын фæуыдзысты? Уыл-иу цæуылнæ ахъуыды кæнынц, æххуырст лæджы йæ фынгыл хистæрæн чи фæбадын кæны, уыдон? Уымæй уæлдай, æххуырст лæг фынджы æгъдауыл уый бæрц нæ мæт кæны, йæ дзыппы бæркадыл цас мæт кæны. Уымæн æдзухдæр йæ катай вæййы, кæмæй цы атона, ууыл. Фынджы хистæры бынат бæрнон бынат у, уымæй аразгæ у фынджы æгъдау йæ райдайæнæй йæ кæронмæ. Æмæ фынджы сæргъы ахæм лæг куы бада, уæд уый æппæрццæг йеддæмæ, æвæрццæг æгъдау нæ ратдзæн. Æмæ-иу ууыл цæуылнæ ахъуыды кæнынц, искæй чи феххуырсы, уыдон?

Ацы æнæгъдаудзинады, мæнмæ гæсгæ, фыццаджыдæр, аххосджын у æххуырсæг йæхæдæг. Уымæн æмæ уый æхцайы фæрæзтæй куы нæ амидин кæнид искæй, уæд дзы æгъдау хæлд дæр нæ цæуид. **Æхца ахæм фæрæз у, æмæ алкæй дæр йæхимæ, магнитау, ælвасы. Æмæ йын йæ гуыræн суадонæй чи фæхъæстæ вæййы, уый йæ уæгъд нал фæуадзы, æмæ йæм цас фылдæр хауа, уыйас ноджы зыддæр кæны, æфсис дзы нæ зоны.** Æхца нæ, фæлæ дын сыгъзæринтæ, налхъуыт-налмастæ дæр куы дæттой, уæд дæр адæймаг хъуамæ æгъдауы сæрты макуы ахиза. Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ ныры дуджы фынгыл, ирон æгъдауы фæлгæты, æгъдау чи радта, зианы æмæ цины дæр, ахæм хистæртæ скадавар сты.

Бирæтæ, цины цы сидтытæ æмæ гаджидæуттæ рауадзын хъæуы, стæй зианы цы рæгъытæ зæгъын хъæуы, уыдон præстмæ нæ фæзонынц, æмæ афтæмæй фынгæй саразынц арвистон. Ирон фынг та æгъдау домаг у.

Куы дæ бафæнда искæй миддуне, йе 'гъдау цавæр æмвæзадыл сты, уый базонын, уæд йемæ ирон фынгыл æрбад, æмæ уым, Æрфæныфæдау, ирдæй сбæрæг уыдзысты йæ лæгдзинад, йе 'гъдау. Цин æмæ зиан æфсымæртæ сты, фæзæгъынц ирон адæммæ. Уымæн æмæ чи райгуыра, уымæн йæ адзалы бонæн æнæрцæугæ нæй. **Авдæн кæм атулы, уым табæтæн дæр æнæуæвгæ нæй. Ахæм фætк Хуыцауæй læвæрд у.** Æмæ, зæгъæм, Хуыцау ныббæллæх кодта, æмæ чидæр йæ цардæй ахицæн, уæд зианджыны хæдзармæ сыхæгтæ æрбамбырд вæййынц æмæ йын йе 'гъдæуттæ саразынц. Фæлæ хатт афтæ дæр вæййы, æмæ хæрнæджы æгъдæуттæ"-йæ скъуыддзаг: "Мард ахæссынц, кæм æй феваерынц, уырдæм. Куы йæ фæцæйхæссынц, уæд, æрыгондæр мард чи вæййы хиуон адæмæй, уый бинонтæй иу сылгоймаг разæй ацæуы æмæ хъæрæй фæдзуры йæ марды номæй, ма фæтæрс, ныртæккæ дæм фæцæуы ног æмбал, зæгъгæ, (ома, ныгæнынмæ кæй фæхæссынц, уый)". Æмæ ног æмбал кæдæмфæнды дæр сæмбæлæд хæдзармæ, æви уæлмæрдтæм, уæддæр йе 'ргом разæрдæм хъуамæ ма уа? Зыгъуыммæ уагыл æй цæмæн æххæст кæнынц. Куыд фидауы уый! Цавæр мидис дзы æвæрд ис, уымæн ма исчи дзуапп раттæд! Нæ чысыл Ирыстон фарн æмæ амондæй алкæддæр дзаг уæд! Афæдзы алы афон дæр дидинæг калæд. Фæдисы хъæр нæ куыд нæ хъуыса, фæлæ æфсымæрдзинад æмæ уарзондзинады зарæг, ахæм арфæ нын Дунейы фарн ракæнæд!

ХÆМЫЦАТЫ Раман,
Рахизфарсы районы
Ныхасы ирон
æгъдæутты комитеты
сæргълæууæг

Киноаивад

Прокаты раздзог

Цыппар азы размæ Дзæуджыхъæуы кинотеатр "Алания Синема" цы бон байгом, уыцы бонæй нырмæ режиссер Дмитрий ДЬЯЧЕНКОЙЫ комеди "Чебурашкæ" нымад у прокаты раздзогыл.

Кинотеатры генералон директор **Галинæ Горинайы** ныхасмæ гæсгæ, дунейы æнтыстджындæр проекттæй иу "Аватар"-имæ абаргæйæ, комеди "Чебурашкæ" фенынмæ æрбацæуæг адæмы нымæц рауад фылдæр. Горæты кинотеатр "Столичный"-йы минæвар куыд загъта, афтæмæй амынд

киноныв фенынмæ "Столичный"-мæ дæр цæуы дзæвгар адæм.

— Дзыллæтæ райгонд кæмæй сты, "Чебурашкæ" у иттæг хорз ахæм проект. Адæм кинотеатрмæ ацы киноныв дыккаг хатт фенынмæ дæр æрбацæуынц. Ныры хуызæн бирæ адæм кинотеатртæм рагæй нæ цыд. Голливудаг киноныв "Король Лев" куы æвдыстам, уæддæр нæм ныры хуызæн бирæ адæм нæ цыд, — загъта Галинæ Горина.

Комеди "Чебурашкæ" фенынмæ Дзæуджыхъæуы кинотеатртæм æрбацæуы бирæ адæм. Кинотеатртæм билеттæ онлайн-фæдзæхстады фæрцы рагацау æлхæд æрцæуынц.

Эдуард Успенскийы чиныджы мидисмæ гæсгæ ист мультипликацион киноныв "Чебурашкæ" парахат прокаты рацыд 1 январы. Киноныв фенынмæ билеты аргъ бафидæн ис "Пушкины картæ"-мæ гæсгæ дæр. Киноныв æппæт кары адæммæ (уæлдайдæр та — скъоладзаутæм) кадджын у.

"Чебурашкæ"-йæ фæстæмæ амæй размæ адæм бирæгæйттæй цыдысты мультипликацион киноныв "Щелкунчик и волшебная флейта" (режиссер Виктор Глухушин) æмæ комеди "Холоп"-мæ (Клим Шипенко) бакæсынмæ.

"Чебурашкæ" фенынмæ куыд бирæ адæм цæуы кинотеатртæм, иннæ уæрæсейаг киноныв тæ фенынмæ афтæ къорд адæм никуы æрбацыд.

ИКЪАТЫ Каринæ

Æхсызгон цау

Фылдæр æргом — фæсивæдмæ

Сывæллæтты хæдзæрттæ "Узæлд", "Хуры тын" æмæ центр "Хæлар зæрдæ"-йы 150 сывæллоны бæрц федтой спектакл "Хæзнаты сакъадах". Театр "Амыран"-ы артисттæ бацæттæ кодтой аргъау пираттимæ.

Уым ис денджызон тохтæ, хæзнаты агуырдытæ æмæ æнæнхъæлæджы кæронбæттæн. Артисттæ бацархайдтой æрыгон театрдзауы бацымыдис кæныныл. Уæлдай тынгдæр се 'ргом аздæхтой тохты сценæтæм. Уыдон рауадысты фæлгонцджын æмæ æрдзон. Мадзал ацыд фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты æххуысæй.

Мæнæ цы зæгъы фæсивæдон театр "Амыран"-ы директор **Сидахъты Дзамболат**: "Спектакл сæрмагондæй арæзт æрцыд сывæллæттæ æмæ фæсивæдæн. Мах афтæ банымадтам, æмæ нын уыдон иуцасдæр æнæрхъуыдыйæ баззадысты. Махмæ ис сывæллæтты театр "Саби", фæлæ уый æрмæст сывæллæттæн у, стæй театртæ хистæртæн, фæлæ дыууæты 'хсæн цæг æнæрхъуыдыйæ баззад".

РУБАЙТЫ Зæринæ

Радон номыр

"Мах дуг" мыхуыр кæны

Мыхуыры рацыд журнал "Мах дуг"-ы ацы азы фыццæгæм номыр.

Журнал байгом "Æмдугонты хъуыдытæ", зæгъгæ, уыцы рубрикæйæ. Уым йæ хъуыдытæ зæгъы газет "Северная Осетия"-йы сæйраг редактор Битарты Маринæ.

Ирыстоны адæмон фыссæг Агънаты Гæстæныл сæххæст 80 азы. "Хæлæртты арфæтæ", зæгъгæ, уым фыссæджы тыххæй сæ арфæйы ныхас зæгъынц Уæрæсейы Фысджыты цæдисы Стъараполы хайады сæрдар Александр Куприн, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы Дагестаны хайады сæрдар Магомед Ахмедов, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы Кæсæг-Балхъары хайады сæрдары хæдивæг Муталип Беппаев.

Журналы мыхуыргонд æрцыдысты Агънаты Гæстæны радзырдтæ "Чындзæхсæвы размæ" æмæ "Æнахуыр изæр". "Мах дуг"-ы равдысты сты Агънаты Гæстæны цардыл дзурæг къамтæ.

Рубрикæ "Прозæ æмæ поэзи"-йы бынмæ дарддæр мыхуыргонд цæуы Цомартаты Изæтбеджы роман "Зынгхуыст бæллицтæ"-йы æртыккаг чиныг.

Поэзиуарзджытæ зæрдиагæй бакæсдзысты Бутаты Ритæйы æмдзæвгæты цикл "Уæ царды фæндагæн мæ зæрдæ — цырагъ". Джусойты Майæ йæ радзырдтæ "Дыргъдзуан" æмæ "Хоматъаны дзуар"-æй бацымыдис кæндзæн журналкæсджыты.

"Мах дуг"-ы премийы лауреатты сфæлдыстад"-ы бакæсæн ис Турчы цæрæг ирон поэт Хосонты Рæмзийы æмдзæвгæты цикл "Фыдæлты фæллойæ суадон". Рубрикæ "Æрыгæтты æрмдзæф"-ы бынмæ — Гергиты Валерийы номыл Аивæдты колледжы ахуырдзау Гæлæбаты Мураты æмдзæвгæтæ.

Рубрикæ "Уыгæрдтæ"-йы бынмæ — Гусалты Барисы "Уæлдай сугтæ", "Хурæвдылд æнæныгуылгæ рухс бонтæ", "Хъулæттæ фаззæттæ", "Æцæджы æвдисæндар", "Дыууæ ирон хъæбатыр æдылыйы" æмæ æндæртæ.

Уæдæ Хъауыраты Дауыры хъæлдзæг хабæрттыл дæр æнæбацингæнгæ ничи фæуыдзæн: "Зауыры куыйтæ", "Нымæтхудæй", "Бæлас — гуыппы тыххæй", "Лæджы ныхас", "Гибыцойы фырт", "Æххуырст Петро" æмæ æндæртæ.

КУЫЦЫКТЫ Эдуард

Фыдæлты фарн

Фæлтæртæ æнгом баст сты

Цард æмæ уыд бонджын хъæу. Хистæрты куырыхондзинадæй хъæуы цæрджытæ ахæм раст зондыл хæст уыдысты, æмæ сæ цард цæджджинагау фыхти. Хъуаг ницæмæй æййæфтой. Гъе æцæг сæ фæсивæд æгæр фæхъал сты, куыстмæ сæ хъус нал дардтой, æнæгъдау, æнæуаг митæ кæнын райдыдтой. Сæ фылдæр præстæг цæлы фынгтыл æрвыстой. Æхсæв-бонмæ-иу фæминас кодтой, фæкафыдысты, æнæуаг митæ фæкодтой, бон та — фынæй.

Хистæрты, уыдæттæ уынгæйæ, стыр мæт бацыд, сæ кæстæрты раст фæндагмæ куыд раздахой, уыл сагъæс сын нал лæвæрдта æнцой. Фæлæ кæстæртæм хистæрты ныхас нал хъардта, сæ уайдзæф сын æфхæрдыл нымадтой.

Иуахæмы та хъæуы фæсивæд æрæмбырд сты хибар ран. Бадынц, минас кæнынц. Сæ бухъ цардæй, сæхицæй разы сты. Гъе æрмæст ма сæ сæ хистæртæ куы нæ хъыгдариккой... Уæд дзы иу афтæ зæгъы:

— Сæ уайдзæф æмæ ælхыскъ ныхæстæй нæ бон нал у, зæрдæ сæм фырмæстæй тъæпп хауы! Хъæугæ та нæ цæмæн кæнынц, цæмæн?!

— Æппындæр ницæмæн! — фæрæвдз иннæ.

— Хъыгдарыны хос нын сты! — загъта æртыккаг.

— Кæдмæ сын хъуамæ быхсæм?! Цæй æмæ сын кæрон скæнæм.

— Куыдæй?! — æмхъæлæсæй афарстой иннæтæ.

— Амарæм сæ!

Уыцы фæнд бирæты зæрдæмæ нæ фæцыд, фæлæ сын сæ "митæ", сæ "æфхæрæн" ныхæстæ иугай "хурмæ калын" куы райдыдтой, уæд иууылдæр сразы сты. Æмæ дыккаг бон сæ фыдвæнд сæххæст кодтой — Сухты цагъд фæкодтой сæ хистæрты, сæ дарджыты, сæ зондамонджыты.

Æрцыд æвирхъау хабар. Æрмæст иу læппуйы зæрдæ нæ бакуымдта йæ фыды амарын. Зæронд куырм фыд ын уыд. Рæвдыд йеддæмæ дзы зулдзыхы ныхас дæр нæ зыдта. Бавдæлд æмæ ныккæнд скъахта. Уым æй бамбæхста. Уырдæм ын сусæгæй хæринаг, дон хаста.

Бонтæ цыдысты, рæстæг ивгъуыдта. Цард йæхионтæ кодта. Хъæуы фæсивæды хъыгдарæг, уайдзæфгæнæг сын нал уыд. Диссаджы цард сын æрцыд, куыддæриддæр сæ зæрдæ дзырдта, афтæ кодтой. Цæл æмæ хъæлдзæгдзинад, ронбæгъд æмæ æбæрнон. Кусгæ бынтон нал кодтой. Æмæ сын сæ хистæртæй цы бынтæ баззад, уыдонæн уайтагъд сæ бынæй рухс суагътой. Фæстагмæ сæм иумæйаг фынгæн нæ, фæлæ æхсæвæр цы бахордтаиккой, уый дæр нал уыд.

Уæдмæ уалдзæг дæр ралæууыд. Хуым кæнын, тауын хъæуы, фæлæ сæм тауинаг нал баззад. Æрбамбырд та сты иу ранхуымæззæххытæ нæ, фæлæ, фæззæджы быдыртæй уæрдæтты хор цы фæндæгтыл ластат, уыдон бахуым кæнут. Уыцы фæндæгтыл ласгæ-ласын цы хоры гагатæ фæкалди, уыдонæй, Хуыцауы фæрцы, исты æвзартæ хъуамæ сзайа. Уый у уæ иунæг мадзал".

Лæппу рацыди, хъæубæсты фæсивæды æрæмбырд кодта æмæ сын бамбарын кодта, цы сæ кæнын хъæуы, уый. Бахуым кодтой æрмæстдæр фæндæгтæ. Рæстæг рацыд. Кæсынц æмæ фæндæгтыл мæнæуы æвзартæ сæвзæрдысты. Цæстыгагуыйау сæ хъахъхъæдтой.

Ралæууыд фæззæг. Банай кодтой сæ хор æмæ йæ бафснайдтой. Сæ цинæн кæрон нал уыд, æххормаг мæлæтæй куыд аирвæзой, уымæн ницы уыд сæ бон æрхъуыды кæнын.

Йæ зæронд куырм фыды ныккæнды чи бамбæхста, уый иумæйаг æмбырдæй куы æрбаздæхт, уæд æм ныххызт. Кæрæй-кæронмæ йын радзырдта хъæубæсты хабæрттæ. Зæронд лæг ныссагъæс кодта æмæ фæстагмæ йæ фыртæн зæгъы: "Æвирхъау митæ бакодтат, кæстæртæ... Цы æрцыд, уымæн раздахæн нал ис, фæлæ ма хъæубæстæй удæгас чи баззад, уыдон æххормаг мæлæтæй аирвæзын кæнын хъæуы. Тауинаг уæм кæй нал баззад, уымæ гæсгæ бавдæлут æмæ

> ***Афтæ у цард: хæдзары хистæр куырм, хуысгæ рынчын куы уа, уæддæр йæ фарн бирæ у. Уæддæр ныфсы, хъомысы хос у кæстæртæн. Фæлтæртæ кæрæдзиимæ куырмælхынцъæй баст сты, райхалæн, фæхицæнгæнæн сын нæй, кæрæдзи фæрцы сты. Хистæры зондыл, кæстæры хъаруйыл лæууы цард.***

— Куыдæй?! — æмхъæлæсæй афарстой иннæтæ.

— Амарæм сæ!

Уыцы фæнд бирæты зæрдæмæ нæ фæцыд, фæлæ сын сæ "митæ", сæ "æфхæрæн" ныхæстæ иугай "хурмæ калын" куы райдыдтой, уæд иууылдæр сразы сты. Æмæ дыккаг бон сæ фыдвæнд сæххæст кодтой — Сухты цагъд фæкодтой сæ хистæрты, сæ дарджыты, сæ зондамонджыты.

Æрцыд æвирхъау хабар. Æрмæст иу læппуйы зæрдæ нæ бакуымдта йæ фыды амарын. Зæронд куырм фыд ын уыд. Рæвдыд йеддæмæ дзы зулдзыхы ныхас дæр нæ зыдта. Бавдæлд æмæ ныккæнд скъахта. Уым æй бамбæхста. Уырдæм ын сусæгæй хæринаг, дон хаста.

Бонтæ цыдысты, рæстæг ивгъуыдта. Цард йæхионтæ кодта. Хъæуы фæсивæды хъыгдарæг, уайдзæфгæнæг сын нал уыд. Диссаджы цард сын æрцыд, куыддæриддæр сæ зæрдæ дзырдта, афтæ кодтой. Цæл æмæ хъæлдзæгдзинад, ронбæгъд æмæ æбæрнон. Кусгæ бынтон нал кодтой. Æмæ сын сæ хистæртæй цы бынтæ баззад, уыдонæн уайтагъд сæ бынæй рухс суагътой. Фæстагмæ сæм иумæйаг фынгæн нæ, фæлæ æхсæвæр цы бахордтаиккой, уый дæр нал уыд.

Уæдмæ уалдзæг дæр ралæууыд. Хуым кæнын, тауын хъæуы, фæлæ сæм тауинаг нал баззад. Æрбамбырд та сты иу ранхуымæззæххытæ нæ, фæлæ, фæззæджы быдыртæй уæрдæтты хор цы фæндæгтыл ластат, уыдон бахуым кæнут. Уыцы фæндæгтыл ласгæ-ласын цы хоры гагатæ фæкалди, уыдонæй, Хуыцауы фæрцы, исты æвзартæ хъуамæ сзайа. Уый у уæ иунæг мадзал".

Лæппу рацыди, хъæубæсты фæсивæды æрæмбырд кодта æмæ сын бамбарын кодта, цы сæ кæнын хъæуы, уый. Бахуым кодтой æрмæстдæр фæндæгтæ. Рæстæг рацыд. Кæсынц æмæ фæндæгтыл мæнæуы æвзартæ сæвзæрдысты. Цæстыгагуыйау сæ хъахъхъæдтой.

Ралæууыд фæззæг. Банай кодтой сæ хор æмæ йæ бафснайдтой. Сæ цинæн кæрон нал уыд, æххормаг мæлæтæй куыд аирвæзой, уымæн ницы уыд сæ бон æрхъуыды кæнын.

Йæ зæронд куырм фыды ныккæнды чи бамбæхста, уый иумæйаг æмбырдæй куы æрбаздæхт, уæд æм ныххызт. Кæрæй-кæронмæ йын радзырдта хъæубæсты хабæрттæ. Зæронд лæг ныссагъæс кодта æмæ фæстагмæ йæ фыртæн зæгъы: "Æвирхъау митæ бакодтат, кæстæртæ... Цы æрцыд, уымæн раздахæн нал ис, фæлæ ма хъæубæстæй удæгас чи баззад, уыдон æххормаг мæлæтæй аирвæзын кæнын хъæуы. Тауинаг уæм кæй нал баззад, уымæ гæсгæ бавдæлут æмæ

> ***Æфтæ у цард: хæдзары хистæр куырм, хуысгæ рынчын куы уа, уæддæр йæ фарн бирæ у. Уæддæр ныфсы, хъомысы хос у кæстæртæн. Фæлтæртæ кæрæдзиимæ куырмælхынцъæй баст сты, райхалæн, фæхицæнгæнæн сын нæй, кæрæдзи фæрцы сты. Хистæры зондыл, кæстæры хъаруйыл лæууы цард.***

ЦГЪОЙТЫ Хазби

Спортивон фидиуæг



Армспорт

Армхæстæй — тыхджындæр

Дзæуджыхъæуы Хъæбысхæсты центры 29 январы армæйхæстæй (армрестлингæй) цыдысты Цæгат Ирыстоны чемпионаты ерыстæ.

120 спортсмены уыцы бон сæ армы хъару æвдыстой, кæрæдзиимæ стъолы дыууæ фарсы æрлæууæйæ. Чемпионаты архайдтой, куыд нæлгоймæгтæ, афтæ сылгоймæгтæ дæр. Сылгоймæгтæ тыхджындæрты бæрæг кодтой аст уæзы, нæлгоймæгтæ та — иуæндæс уæзы.

Армæйхæсты спорты Ирыстоны нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты сгуыхтдзинæдтæ хъуыстгонд сты æгас дунейы дæр æмæ, цæмæй уыцы кад дæлдæр ма кæна, уый тыххæй зæрдиаг куыст кæнынц нæ тренертæ æмæ се 'ххуысгæнджытæ. Нæ республикæйы армхæсты федерацийы президент **Цъæхилты Таймураз** йæхæдæг ацы спорты хуызæй уыдис Уæрæсейы, Европæйы æмæ дунейы чемпионатты фесгуыхæг æмæ хорз зоны, ахæм æнтыстдзинæдтæ къухы æнцонæй кæй нæ бафтынц, уый: "Тренировкæйы стыр фыдæбон кæнынæй уæлдай ма спортсментæн хъæуы æмбæлгæ уавæртæ саразын. Алы спортсмен дæр фæтырны йæ хъару æмæ арæхстдзинад ерысты бавзарынмæ æмæ, хъæугæ ерыстæ фаг куы нæ вæййы, уæд йæ тырнынад куыдфæстæмæ æрмынæг вæййы. Ныртæккæ Уæрæсейы алыварс дунейы цы уавæртæ сæвзæрд, уый тынг бахъыгдардта нæ спортсменты дæр. Фарон мах нæхи цæттæ кодтам Европæ æмæ дунейы чемпионаттæм. Уырдæм фæтырнынц нæ хъомылгæнинæгтæ, фæлæ нын алы æфсæнттæй нæ фæндæгтæ сæхгæдтой фæсарæйнаг дунеон спорты сæргълæуджытæ. Ахæм уавæры æнцон нæу фæсивæды разæнгард кæнын сæ равзæрд спорты хуызы зæрдиагæй кусынмæ, фæлæ нæ тренертæ архайынц сæ тых-сæ бонæй, цæмæй сæ хъомылгæнинæгты уырна, ахæм уавæртæræстæгмæ кæй сты æмæ та дуне кæй æрсабыр уыдзæн. Ирыстоны чемпионат ууыл дзурæг у, æмæ, нæ фæсивæды 'хсæн кæй ис, армрестлингыл æнувыд чи у, ахæмтæ. Æхсызгон уыдис, ацы чемпионаты архайынмæ нæ раздæры зындгонд спортсментæ цалдæрæй кæй æрбацыдысты, уый дæр. Нæ чемпионаты бæрæггæнæнтæм гæсгæ æвзæрст æрцæудзæн, Уæрæсейы чемпионатмæ чи ацæудзæн, уыцы нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты командæтæ. Нæ бæстæйы чемпионат цæудзæн апрелы Орелы, æмæ нæ зæрды ис уырдæм æдæппæтæй 28 спортсмены арвитын", — загъта Цъæхилты Таймураз.

Ерыстæ нæлгоймæгты æмæ сылгоймæгты 'хсæн дæр цыдысты цымыдисаг тохты. Сылгоймæгтæ (растдæр зæгъгæйæ та чызджытæ, уымæн æмæ сæ зынгæ фылдæр хай уыдысты æрыгон, кæнæ фæсивæдон кары) алы уæзы дæр 1-аг бынатыл ерысты равдыстой стыр тырнынад уæлахизмæ. Сæ уæзты уæлахиздзаутæ систы: 50 кг — **Æлборты Аланæ** (тренер **Таматы Тотрадз**), 55 кг — **Джыккайты Аланæ** (тренер **Цоциты Ибрагим**), 60 кг — **Хуыгаты Жаннæ** (тренер Цоциты Ибрагим), 65 кг — **Хортиты Оксанæ** (тренер **Болататы Владимир**), 70 кг — **Мария Матвеева** (тренер **Аркъауты Оксанæ**), 80 кг — **Къадзты Зитæ** (тренер Аркъауты Оксанæ), 90 кг — **Теблойты Данæ** (тренер Аркъауты Оксанæ), +90 кг — **Дудиаты Дианæ** (тренер **Диамбегты Чермен**).

Ноджы цымыдисагдæр рауадысты нæлгоймæгты ерыстæ. Ацы кары Ирыстоны чемпионтæ систы: 55 кг — **Дзабиты Арсен** (тренер Цоциты Ибрагим), 60 кг — **Бокоты Æхсарбег** (тренер Таматы Тотрадз), 65 кг — **Хуыбаты Ирбег** (тренер **Лелаты Аркади**), 70 кг — **Кутателадзе Вячеслав** (тренер Цоциты Ибрагим), 75 кг — **Касаты Тамерлан** (тренер Цоциты Ибрагим), 80 кг — **Тогойты Игорь** (тренер **Тогойты Вадим**), 85 кг — **Хæбæлаты Арсен** (тренертæ Болататы Владимир æмæ **Джиоты Валери**), 90 кг — **Цæрикъаты Владислав** (тренер **Хуыбылты Бондо**), 100 кг — **Цакъоты Батрадз** (тренер Тогойты Игор), 110 кг — **Туаты Алан** (тренер **Цæлойты Майрæм**), +110 кг — **Дыгурты Сослан** (тренер Цъæхилты Таймураз).

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджынгонд систы майдантæ, грамотæтæ æмæ дипломтæй.

Нæ республикæйы иугонд командæйы хистæр тренер **Золойты Мæирбег** куыд зæгъы, афтæмæй ныр нæ командæ йæхи цæттæ кæндзæн дыууæ бæрнон ерыстæм. Сæ иу 31 мартъийы цæудзæн Красноярскы. Уым цы дунеон турнир уыдзæн, уый аразæг сты Цæцæны Республикæйы Сæргълæууæг æмæ йе 'мбæстаг амалхъом лæгтæ. Уый фæстæ та 15 апрелы нæ спортсментæ сæ къухты тых æвдисдзысты Уæрæсейы чемпионаты, горæт Орелы.

Стыр уæлахизтæ уын бынтысæд!

БАСКАТЫ Уырызмæг

Хъалонтæ

Кодексмæ – ивддзинæдтæ

Æмбарынад "Хъалонты иумæйаг хыгъд" кæй фæрцы фæзынд, фарон 14 июлы фидаргонд № 263 федералон закъонмæ гæсгæ Уæрæсейы Хъалонты кодексы уагæвæрдтæм бахастæуыд ахæм ивддзинæдтæ.

Ацы азы 1 январæй фæстæмæ Хъалонты иумæйаг фиддон æмæ Хъалонты иумæйаг хыгъд æнæмæнг æххæстгæнинаг систы æппæт юридикон æмæ физикон иуæгтæн, стæй индивидуалон амалхъомæн. Хъалонтæ, фæдзæхстадон æмæ æндæр фиддонтæ æрвитын æмбæлы фиддонты иумæйаг документтæй, зæгъгæ, Хъалонты иумæйаг хыгъды æмæ Хъалонты иумæйаг фиддоны системæ афтæ амоны.

Федералон къазнайады Тулæйы облæсты управленийы (Хъалонты федералон службæйы хæсы уынаффæйады фæдыл регионты иумæйаг инспекци) кæй байгом кодтой, хъалонты оргæнты бæрны уæвæг æппæт фиддонтæ фидын æмбæлы къазнайы ахæм хицæн хыгъдмæ. Уымæ хъалонфидæддзы кæм бахастой, кæнæ, хъалонæвæрынады объект кæм ис, ахæм бынат нæ нымайгæйæ, амынд хыгъдæй пайда кæнынц. Хъалон фидынæн бæрæггæнæнтæ мыхуыргонд сты Уæрæсейы Хъалонты федералон службæйы официалон сайты фарс "ЕНС"-йыл.

("15-æм регион")

Барадон фæтк

Уголовон хъуыддагмæ æркæсдзæн тæрхондон

Дзæуджыхъæуы Советон районы тæрхондон æркæсдзæн, фæндагон-транспортон фыдбылыз кæй аххосæй æрцыд, республикæйы уыцы 32-аздзыд цæрæджы ныхмæ.

Барадхъахъхъæнджыты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, гуырысхойаг 2022 азы октябры бонтæй иуы нозджынæй бабадт йæ хæдтулгæ "Мерседес"-ы рулыл (шофыры бартæ дæр æм нæ уыд). Фæндагон цыды фæтк фехалгæйæ, аххосджын скъуырдта, йæ рулыл 38-аздзыд нæлгоймаг цы хæдтулгæ "BMW"-йæн бадт, уый.

Фæндагон-транспортон фыдбылызы аххосæй "BMW"-йы бадæг 72-аздзыд сылгоймаджы æнæниздзинадæн рачындæуыд стыр зиан.

Аххосджынæн тæссаг у фондз азы онг колонийы фæбадынæй.

РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ

Рагон къамтæ дзурынц

Амырыкмæ — кусынмæ

Советон Цæдисы размæ хæхбæсты ирон адæм зын цард кодтой. Фос дардтой, стæй зæххы куыст кодтой, æндæр сæм никæцæй ницы хаудис. Уыцы рæстæг æргом фæсивæд тырныдтой Амырыкмæ æхцайы куыст кæнынмæ.

Ирыстонæй бирæ адæм ацыдис куысты фæдыл уырдæм, фæлæ, хъыгагæн, бирæтæ уым баззадысты.

1912 азы Гæлиаты хъæуæй иумæ ацыдысты Амырыкмæ кусынмæ фараст æрыгон лæппуйы. Уым хохаг лæппутæ сæ уæлæ скодтой хорз дарæс, афтæмæй систой иумæ сæ къам, æмæ йæ æрбарвыстой Уæллагкоммæ Бекмæрзты Маряйы номыл. Алкæмæн дæр уыцы фараст лæппуйæ царды мидæг ис хицæн хъысмæт. Гæлæбуты Гæбыла фæстæмæ куы цыдис Ирыстонмæ, уæд фæндагыл фæрынчын æмæ Японы науæй рахызт. Уым баззад, ус ын уыдис, стæй лæппу фыста писмотæ йе 'фсымæртæ — Маркъоз æмæ Харитонмæ, йæ иунæг хо — Уæлинкамæ.

Къам æрбахаста газет "Рæстдзинад"-мæ ГАМАХАРТЫ Юри

Алфамбылай æрдз

Карантины уавæры

Цæгат Ирыстоны Тырмоны фæдзæхст бынатмæ рауагътой æхсæз зубры.

Республикæйы Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, Хъæрæсе-Черкесийы Архызы фæдзæхст бынатæй Цæгат Ирыстонмæ амынд сырдты æрбаластой бынæттон зубрты нымæц фæфылдæр кæнынæн.

5 гектары кæй фæзуат у, хæстæгдæр мæй зубртæ арвитдзысты æмбондæй æхгæд ахæм карантинон бынаты. Мæйы дæргъы сырдтæн сæрмагонд холлаг дæтдзысты. Специалистты ныхасмæ гæсгæ, Архызы чысыл бæрцæй чи зад, уыцы дзедыртæ Тырмоны фæдзæхст бынаты миты бын ссарæн ис парахатæй.

Карантины ацыды фæстæ зубрты рауадздзысты хъæдмæ. Зæгъын хъæуы уый, æмæ рæхджы Цъæйы фæдзæхст бынатæй Тырмоны фæдзæхст бынатмæ рауадздзысты зубрты ноджыдæр ма иу къорд. Ацы сырдтæ дзæвгар рæстæг Цæгат Ирыстоны кæй цæрынц, уый нымайгæйæ, карантин ацæуыны хæс æвæрд сыл нæ уыдзæн.

ГУГКАТЫ Жаннæ

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Домашние соления: квашеная капуста, маринованная капуста с куркумой и с болгарским перцем, свекла по-грузински, соленые огурцы и помидоры.
ТЕЛ.: 8-906-188-38-83.

ПРОДАЕТСЯ капитально отремонтированный гараж. Удобный подъезд, есть возможность использования прилегающей территории. Адрес: ул. Герцена (в трех минутах езды от пр. Коста).
ТЕЛ.: 8-904-630-18-33; 8-961-825-17-63.

Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти.
ТЕЛ.: 8-989-037-18-04.

ИРОН ТЕАТР

Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театр

уæ хоны йæ спектаклтæм
3 февралы
"Мæ усы мад" 12 +
Хуыгаты Георы пьесæмæ гæсгæ
Райдайæн 18.00 сахатыл.
4 февралы
"Цолайы чындзæхсæв" 12 +
Чеджемты Георы пьесæмæ гæсгæ
Райдайæн 18.00 сахатыл.
5 февралы
"Пæсæйы фæндон" 12 +
Туаты Дауыты пьесæмæ гæсгæ
Райдайæн 18.00 сахатыл.
Билеттæ балхæнæн ис театры кассæйы.
Уæ фарстытимæ бадзурæн ис ахæм телефонтæй: 55-14-68, 25-17-37, 25-11-42.
Ист цæуынц коллективон куырдиæттæ.
Зал ифтонг у тæлмацгæнæн аппаратурæйæ.

ХЪУСЫНГÆНИНАГ
Хъолайы цъитийы бæллæхы зиан баййафæг бинонтæн арæзт æрцыд æххуыс кæныны фонд 17 февралы, 18 сахатыл комитеты уæнгтæн уыдзæн иумæйаг æмбырд ахæм адрисыл: Интернационалон уынг, 93-æм æхсæнадон хæдзар.
Алкæмæ дæр хъуамæ уа паспорт.
Уæ фарстытимæ бадзурæн ис тел.: 8-919-423-43-20.

Чингуыты тæрхæгыл

Хæхбæсты фарн — ælутон у

Рагæй дæр, суанг ма райдайæн кълæсты куы ахуыр кодтон, уæдæй фæстæмæ тынг бирæ бауарзтон нæ ирон фысджыты уацмыстæ. Кæсынмæ чингуытæ истон скъолайы кæсæндонæй. Уæд бакастæн бирæ классикты уацмыстæ. Афтæ фæцалх дæн ирон фысджыты чингуытæ кæсыныл. Кæсын сæ абон дæр.

Æрæджы мæ къухмæ æрбахауд **Кокайты Тотрадзы** чиныг **"Хъобан"**. Тотрадзы бирæ адæм зонынц, йе сфæлдыстад зындгонд у: фыссæг, нывгæнæг, тæлмацгæнæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат, адæмон фыссæг, æмæ сæ нымад чи фæуыдзæн.

Чиныг "Хъобан" у тынг хъæздыг диссаджы радзырдтæ æмæ цаутæй. Педагогон училищæ фæуыны фæстæ Тотрадз кусын райдыдта Хъобаны скъолайы. Æрыгон специалист йæ зæрдæмæ алцыдæр иста хæстæг: æмкусджытæ, скъоладзаутæ, хъæуы цæрджытæ... Семæ хæларæй абон дæр цæры, кæрæдзимæ уазæгуаты цæуынц.

Чиныджы цы радзырдтæ ис, уыдон фыст сты хъæздыг æвзагæй, уыимæ æнцонæмбарæн æвзагыл, ома чиныгкæсæгæн æнцонæй йæ цæстытыл уайынц, автор цы цаутæ фыссы, уыдон иууылдæр. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ фыссæг йæ цымыдисаг уацмыстæй чиныгкæсæджы зæрдæ рухс кæны, зæгъгæ, уæд алы куыст дæр ферох вæййы адæймагæй, йæ цæстытæ атонын нал фæкомынц чиныгæй.



Хъобаны, ахуыргæнæгæй кусгæйæ, Тотрадз фыста æрмæджытæ районы газетмæ дæр. Йæ уацтæ, æмдзæвгæтæ йын æрвылбон кастысты канд районы цæрджытæ нæ, фæлæ иннæтæ дæр. Сæрыстыр дзы уыдысты хъобайнæгтæ. Суанг ма дзы-иу ахæмтæ разынд, æмæ-иу къуыригæйтты сæ дзыппы хастой, Тотрадзы уацтæ цы газетты номырты мыхуыргонд уыдысты, уыдон.

Ацы цаутæ Тотрадз ирдæй равдыста, цы чиныджы кой кæнæм, уым. Уымæй уæлдай, скъоладзауты цард, хъæубæсты адæмы æгъдау, сæ зондахаст, кæстæрты уæздандзинад æмæ бирæ æндæр цаутæ бакæсæн ис чиныг "Хъобан"-ы. Афтæ мæм кæсы, цыма Тотрадз йæ размæ сæвæрдта хæс канд чиныг ныффыссын нæ, фæлæ хъомыладон куыст бакæнын дæр, уымæн æмæ тынг бирæ фæзминаг дæнцæгтæ ис алы радзырды дæр.

Хæрзæрыгонæй мæхæдæг дæр ахуыргæнæгæй куыстон Куырттаты комы, уымæ гæсгæ, чиныг "Хъобан"-ы цы радзырдтæ ис, уыдонæн цыма æвдисæн уыдтæн, хатгай мæм афтæ дæр фæкæсы. Чиныджы æрмæг райдианæй кæронмæ куы фыссон, уæд раст нæ уыдзæн, фæлæ мæ фæнды, фыццаджыдæр, ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ цæмæй скъоладзауты базонгæ кæной ацы чиныгимæ.

Кокайты Тотрадзæн кæнын арфæ, ирон адæммæ та сидын, цæмæй алы хæдзары дæр уа чиныг "Хъобан", æмæ йæ бакæса алы адæймаг дæр.

БИГЪУЫЛАТЫ Людмилæ, РЦИ-Аланийы сгуыхт ахуыргæнæг

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3441. Заказ № 99. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru